

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Tehnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Amir Suyatna (2002: 14) nétélakeun yén métodé déskriptif digunakeun pikeun méré gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daérah nu tangtu. Panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan nu mangrupa akumulasi data dumasar kana cara ngadéskripsikeun wungkul, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu meunangkeun ma'na implikasi.

Arikunto (1996: 150) nétélakeun yén métodé panalungtikan nya éta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Dumasar kana tujuan nu rék dihontal ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif.

Métodé déskriptif ieu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan ajén falasafah tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan. Garapanna museur kana ajén falsafah sarta kumaha cara prak-prakannana Tradisi Hatam Al-Quran Dina Upacara Kawinan di Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

3.1.2Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun ku panalungtik dina ieu panalungtikan nya éta observasi, wawancara, jeung dokumentasi.

1. Observasi

Observasi nya éta niténan langsung hiji objek anu bakal ditalungtik. Arikunto (dina Hernawan, 2005:24) nétélakeun yén dina kagiatan panalungtikan, observasi bisa dilakukeun kucara tés, kuesionér, rékaman gambar, jeung rékaman sora.

Téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumaha prak-prakana tradisi hatam Al-Quran dina Upacara Kawinan.

2. Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun panalungtikan pikeun menangkeun katerangan-katerangan lisan ngaliwatan komunikasi langsung jeung jalma nu bisa méré katerangan ka si panalungtik. Téhnik wawancara dilaksanakeun ngaliwatan komunikasi langsung jeung masarakat, guru ngaji, kiyayi,, pangantén jeung pihak kulawarga pangantén awéwé anu aya di Kampung Cimahi rt 02/02 Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

Téhnik wawancara digunakeun nambahan référénsi tur bisa ngalengkepan informasi ngeunaan hatam Al-Quran dina upacara kawinan.

3. Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun garojong informasi data nu mangrupa gambar.

3.2 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta cara atawa alat anu digunakeun ku nu nalungtik dina enggoning ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep jeung sistematis sangkan datana leuwih gampang diolah. (Arikunto 1997:136).

3.2.1 Kamera Foto

Kamera Foto digunaken pikeun ngahasilkeun gambar dina prak-prakannana tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan

3.2.2 Tip Rekorder

Tip rékorder digunakeun pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data dina téhnik wawancara jeung masarakat Kampung Cimahi Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara nya éta sajumlahing patalékan anu diasongkun atawa ditanyakeun ka narasumber. Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara masarakat Citanglar nu aya patalina jeung tradisi Hatam Al-Quran

Anapon conto angkét dina padoman wawancara, nya éta:

INSTRUMEN/PEDOMAN WAWANCARA

I. Biodata Informan

1. No Informan :
2. Wasta :
3. Umur :
4. Pakasaban :
5. Atikan :
6. Alamat :

II. Daftar Pertanyaan

1. Asal usul ayana hatam Al-Quran kumaha?
2. Naha kudu aya tradisi ieu?
3. Naha bakal aya akibat goréng kamasarakat saupamana anu teu ngalaksanakeun hatam Al-Quran éta?(hubungan jeung sugesti masing-masing jalma)
4. Aya mamalana teu mun kawinan teu ngalaksanakeun ieu tradisi hatam Al-Quran?
5. Iraha pelaksanaan tradisi ieu téh? Dimana?
6. Pihak mana nu kudu hatam Al-Quran ieu?
7. Naon-naon waé nu kudu disiapkeun?
8. Surat naon waé nu dihatamkeun téh?
9. Kumaha prak-prakana éta tradisi ieu téh?
10. Falsafah naon waé nu nyangkaruk dina ieu tradisi?

3.3 Sumber Data (Populasi jeung Sampel)

3.3.1 Populasi

Populasi nya éta sakumna objék/ sumber data nu bakal ditalungtik dina hiji panalungtikan, boh nu mangrupa barang, manusa, kajadian, boh mangrupa gejala-gejala nu bakal kaalaman (Suyatna, 2002:10). Sedengkeun Arikunto nétélakeun yén populasi nya éta sakabéh objék nu baris ditalungtik. Ari objékna nu aya dina éta populasi téh kudu ditalungtik, hasil dianalisis, dicindekkeun, sarta éta kacindekan téh dipaké pikeun sakabéh populasi (Arikunto, 1996: 103).

Ari nu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta tradisi Hatam Al-Quran dina Upacara Kawinan di Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

3.3.2 Sampel

Sampel nya éta sabagian atawa wawakil tina populasi nu ditalungtik (Arikunto, 1996: 104). Ari anu jadi sampel dina panalungtikan ieu nya éta tradisi Hatam Al-Quran dina Upacara Kawinan di Kampung Cimahi Rt 02/02 Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

Jadi dina ieu panalungtikan ngagunakeun *purpose sample*, hartina sample nu digunakeun nya éta sampel anu ngarojong kana hasil panalungtikan.

3.4 Tehnik Ngolah Data

Data nu geus aya kakumpulkeun tina hasil panalungtikan satuluyna dianalisis maké tehnik déskriptif. Anu didéskriptifkeun nya éta prak-prakana tradisi Hatam Al-Quran dina Upacara Kawinan, jeung ajén falsafah dina éta tradisi.

3.5 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Aya opat léngkah anu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Léngkah tatahar;
2. Léngkah ngumpulkeun data;
3. Léngkah nganalisis data jeung
4. Léngkah nyusun laporan.

3.5.1 Léngkah Tatahar

Lengkah munggaran dina ieu panalungtikan ;

1. Ngumpulkeun sumber bahan kajian;
2. Néangan katerangan ngeunaan masalah anu rék ditalungtik;
3. Ngajukeun judul jeung rangkay panalungtikan;
4. Nyieun proposal panalungtikan;
5. Ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan;
6. Konsultasi jeung dosén pembimbing.

3.5.2 Léngkah ngumpulkeun data

1. Ngalaksanakeun obsérvasi nalika tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinanan dilaksanakeun;
2. Ngadokuméntasikeun sarta ngainpértarisir data nu geus kacangking;
3. Ngumpulkeun data;
4. Ngayakeun wawancara;
5. Konsultasi jeung dosén pembimbing.

3.5.3 Léngkah nganalisis data

Data nu geus kakumpulkeun diolah dumasar kana téhnik ngolah data, nyaéta:

1. Mariksa sarta ngaidéntifikasi data-data nu geus kakumpul;
2. Nganalisis jeung nafsirkeun data;
3. Ngadéskripsikeun data;
3. Nyieun kacindekan tina data nu geus kapaluruh.

3.5.4 Léngkah nyusun laporan

Sistematikana:

1. Bab I Bubuka;
2. Bab II Filsafat, Budaya, Kapercayaan Masarakat jeung Hatam Al-Quran;
3. Bab III Métodologi Panalungtikan;
4. Bab VI Ajén falsafah Tradisi hatam Al-Quran dina Upacara Kawainan Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi ;
5. Bab V Kacindekan jeung Saran.